

UPACARA GREBEG GETHUK ING MAGELANG

Nuraini Fauziah

11205241012

Sarining Panaliten

Ancasing panaliten menika ngandharaken *prosesi* Upacara Grebeg Gethuk saha ngandharaken makna *simbolik* *prosesi*, ubarampe, paraga, saha busana ingkang kaginakaken wonten ing Upacara Grebeg Gethuk ing Magelang. Panaliten menika ngginakaken *metode* panaliten *kualitatif*, inggih menika panaliten kangge ngandharaken kanthi cetha salah satunggaling perkawis. Perkawis ingkang dipunandharaken inggih menika babagan Upacara Grebeg Gethuk kanthi jangkep bab lampahing upacara saha makna *simbolik* upacara. Caranipun ngempalaken data ing salebeting panaliten menika kanthi *observasi*, wawanpirembagan, saha *dokumentasi*. Pirantining panaliten inggih menika pandom *observasi*, pandom wawanpirembagan, cathetan pirembagan, *kamera*, saha *rekaman*. Caranipun nganalisis data kanthi ngolah *data* wonten ing lapangan saha ngolah *data* pungkasan. Caranipun ngesahaken data lumantar *triangulasimetode* saha *triangulasi* sumber. Asiling panaliten menika nedahaken bilih: (1) *prosesi* Upacara Grebeg Gethuk menika kawiwitan kanthi adicara wayangan saha sendratari. Lampahing Upacara Grebeg Gethuk wiwit saking (a) kirab, (b) upacara pasrah tampi, (c) mangastungkara, (d) upacara mawi basa Jawa, (e) pasugatan seni, lajeng (f) upacara grebeg. (2) Sesajen ingkang kaginakaken wonten ing adicara menika kados dene gunung gethuk saha gunung palawija inggih menika minangka wujud raos sukur warga Magelang awit sampun saged madek ngantos ewonan warsa. *Prosesi*, paraga saha busana ing Upacara Grebeg Gethuk nggambaraken lampahing sujarahipun tlatah Magelang nalika jaman Mataram Hindu dumugi samenika.

Pamijining tembung: upacara grebeg, gethuk, Magelang

Abstract

This study aimed to explain Grebeg Gethuk Ceremony's process and explain the symbolic meaning of Grebeg Gethuk Ceremony in process, utilities, persons, also clothes which used in Grebeg Gethuk Ceremony. This study used qualitative research methods which describing the problem clearly. The explained problem was completely about Grebeg Gethuk Ceremony's processes and the symbolic meaning. The researcher used observation, interview, and documentation technique to find the data. The research instruments used were observation guide, interview guide, interview notes, camera, and recorder. The analytical methods of the research was processing the data at field research and processing latest data. Validation methods in this study were triangulation methods and triangulations sources. The results of this study indicated: (1) processes of Grebeg Gethuk Ceremony was opened by wayangan and sendratari.

Grebeg Gethuk's pocesses begun with (a) kirab, (b) pasrah tampi ceremony, (c) praying, (d) ceremony with Javanese language, (e) dance performance, and then (f) grebeg ceremony. The offerings in this ceremony, like gunungan gethuk and gunungan palawija aimed to show grateful of Magelang people since Magelang can stand for thousand years. Processes, persons, and clothes in Grebeg Gethuk Ceremony showed the history of Magelang from Mataram Hindu until now.

Keywords: grebeg ceremony, gethuk, Magelang

A. PURWAKA

Salah satunggaling wujud kabudayan ingkang taksih lumampah wonten masarakat inggih menika upacara tradhisi. Upacara tradhisi menika ugi kalampahan wonten ing kitha Magelang, inggih menika dipunsebat Upacara Grebeg Gethuk. Mila panaliti gadhah raos kepingin nliiti upacara menika amargi saking masarakat kitha Magelang ingkang sami greget anggenipun nyengkuyung upacara menika.

Upacara menika ugi ngangge upacara ingkang ngginakaken basa Jawa saha busana adat Jawi. Panaliti ugi ketarik kaliyan makna utawi nilai ingkang kawrat ing upacara menika, amargi dereng wonten ingkang nliiti babagan *makna simbolik* ingkang wonten ing upacara Grebeg Gethuk menika. Kamangka, *makna simbolik* kangge masarakat Jawi menika gadhah paedah ingkang sae.

B. GEGARAN TEORI

1. Kabudayan

Miturut Koentjaraningrat (1985:180) kabudayan inggih menika sedaya sistem, gagasan saha raos, tumindak sarta karya asiling manungsa wonten ing pagesangan, ingkang dipundadosaken kagunganipun piyambak kanthi sinau. Kabudayan menika saking basa Sansekerta *buddhayah*, bentuk

jamak saking budhi ingkang ngewrat teges “budi” utawi “akal” (Koentjaraningrat, 2009:146).

Purwadi (2005: 1) ngandharaken bilih masarakat menika gadhah kabudayan minangka warisan sosial ingkang dipunsengkuyung saha ugi minangka sarana pasinaon. Saking pangertosan-pangertosan wonten ing nginggil saged dipunpundhut bilih kabudayan menika tegesipun wiyar sanget awit saking solah bawanipun tiyang gesang saha asil saking solah bawa kasebat, ingkang teratur kanthi tatanan tumindak ingkang kedah dipunsinaoni lan sedaya sampun karantam wonten ing pagesangan bebrayan agung. Awit saking menika kabudayan saged dipunwastani minangka asiling pikir manungsa wonten ing satunggaling kelompok masarakat awit saking jaman rumiyin ingkang dados sarana kangge kabetahan ing pagesangan.

2. Folklor

Hakikat folklor inggih menika salah satunggaling kearifan lokal ingkang tansah ngewrat *nilai-nilai* ingkang sae. Folklor menika sampun wonten wiwit jaman kala rumiyin kanthi turun temurun. Folklor kalebet ngelmu ingkang wiyar, nambah salah satunggaling disiplin budaya ingkang wonten gayutipun. Ginanipun folklor boten namung kangge “*cagar*

budaya”, ananging paring piwulang humanis, supados manungsa langkung manusiawi (Endraswara, 2009: 2).

Danandjaja (1994: 1) ngandharaken bilih tembung *folklor* menika asalipun saking tembung basa Inggris *Folklor*, ingkang kabentuk saking tembung *folk* saha *lore*. Tembung *folk* tegesipun kolektif utawi kasarengan. Tembung *lore* tegesipun dipunwarisaken kanthi turun-tumurun. Dados, folklor miturut Danandjaja (1994:2) inggih menika saperangan kabudayan kolektif, ingkang kapencar saha kawarisaken kanthi turun-tumurun, antawisipun *kolektif* jinis menapa kemawon, kanthi tradhisional wonten ing *versi* ingkang kados lesan wondene ingkang dipunparingi gerak syarat saha piranti pangemut.

3. Upacara Tradhisi Jawa

Purwadi (2005: 1) ugi ngandharaken bilih upacara tradhisi mujudaken salah satunggaling wujud tilaran kabudayan. Kabudayan piyambak inggih menika tilaran sosial ingkang namung dipungadhahi dening warga masarakat panyengkuyung kanthi cara nyinaoni. Ing salebeting nyinaoni kabudayan masarakat gadhah mekanisme utawi cara-cara tartamtu ingkang wosipun ngemot norma-norma lan nilai-nilai pagesangan ingkang lumampah ing lingkungan masarakat kasebat. Kanthi nindakaken norma sarta njunjung nilai-nilai kasebat wigatos tumraping lestantunipun pagesangan masarakat.

Dene Sunjata (1997:58) ngandharaken bilih upacara adat mujudaken perangan *activitas* saking kabudayan masarakat

panyengkuyungipun ingkang sampun dipuntata. Lumampahing upacara tradhisional menika wigatos sanget kangge pembinaan sosial lan kabudayan warga masarakat. Upacara tradhisional gadhah paedah ingkang salah satunggaling minangka penguat norma-norma lan nilai-nilai budaya kanthi cara simbolik dipnwujudaken ing salebeting upacara ingkang dipuntindakaken dening masarakat panyengkuyung.

Aryono(1985: 4) mratelakaken bilih upacara tradhisional inggih menika kabiasaan ingkang asipat magis religious saking pagesangan satunggaling penduduk asli ingkang nyakup kabudayan, norma, saha paugeran-paugeran ingkang sami gayut lajeng dados setunggal sistem utawi paugeran tradisional. Upacara tradhisional gadhah paugeran utawi tatacara ingkang sampun dipuntemtokaken dening masarakat utawi kelompok pandamelipun ritual kasebut, saengga saben ritual menika beda, wonten ing lampahanipun utawi pirantinipun.

4. Makna Simbolik

Tembung simbolis dumados saking basa Yunani inggih menika *symbolos* ingkang tegesipun tandha utawi ciri ingkang nedahaken satunggaling perkawis (Herusatoto, 1990:10). Simbol menika minangka tandha utawi ciri ingkang nedahaken satunggaling perkawis. Simbol inggih menika prastawa ingkang nedahaken salah satunggaling perkawis. Simbol menika nggadhahi tigang unsur inggih menika simbol menika piyambak, satunggal rujukan utawi langkung, saha gegayutan antawisipun simbol kaliyan rujukan.

Saben upacara adat kawrat ancas, paedah, saha teges. Upacara tradhisi menika minangka salah satunggaling wujud ungkapan budaya ingkang gadhah paedah kangge nyawijining sedaya masarakat (Sunjata, 1997: 54). Jumbuh kalihan andharan menika, Upacara Grebeg Gethuk ugi ngewrat ancas, paedah, saha teges. Ancas, paedah saha teges menika kawrat ing salebeting *simbol*.

Sejatosipun sedaya wujud upacara-upacara pengetan punapa kemawon ingkang dipunginakaken masarakat inggih menika *simbolisme*. Makna saha teges upacara dados ancasing manungsa kangge mengeti. Ing tradhisi utawi adat istiadat simbolisme katingal wonten ing upacara-upacara adat minangka warisan turun-temurun saking generasi dhateng generasi (Herusatoto, 2008: 48).

C. CARANING PANALITEN

Jinising panaliten ingkang dipunginakaken ing panaliten Upacara Grebeg Gethuk ing Magelang inggih menika panaliten *kualitatif*. Panaliten kualitatif inggih menika panaliten ingkang ngasilaken data *deskriptif* awujud tetembungan ingkang dipunserat utawi dipunlisanaken saking masarakat utawi tiyang ingkang dipungatosaken (Moleong, 2007: 3). Teknik ingkang dipundamel teknik *observasi partisipasi, wawancara terbuka* saha *mendalam* kaliyan observasi dokumentasi.

Data panaliten inggih menika awujud tetembungan ingkang kaandharaken utawi tindak tanduk masarakat ingkang dados pasarta Upacara Grebeg Gethuk ingkang

dipunserat saha dipunrekam mawi *voice recorder*. Panaliten ugi ngginakaken data arupi dokumentasi utawi referensi ingkang saged nyengkuyung data utama. Sumber data wonten panaliten menika *informan*, inggih menika tiyang ingkang nggadhahi seserepan babagan Upacara Grebeg Gethuk ing Magelang.

Caranipun ngempalaken data inggih menika *ngangge teknik observasi, teknik wawancara, saha teknik dokumentasi*. Piranti wonten panaliten inggih menika *pandom observasi, pandom wawanpirembagan, cathethan pirembagan, kamera, rekaman*. Caranipun nganalisis data kanthi ngolah data ing lapangan saha ngolah data pungkasan. *Teknik keabsahan* data ingkang kaginakaken wonten salebeting panaliten menika inggih *triangulasi*.

D. ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

1. Andharan *Setting* Panaliten

Papan Upacara Grebeg Gethuk inggih menika wonten alun-alun kitha Magelang. Paraga Upacara Grebeg Gethuk ing Kitha Magelang inggih menika warga Kitha Magelang, mliginipun saben kelurahan ing Kitha Magelang saha masarakat saking tlatah njawi Kitha Magelang. Gunggunging warga Kitha Magelang wonten 120.674 tiyang, ingkang kaperang dados 59.654 piyantun kakung saha 61.020 piyantun putri. Padamelan warga Kitha Magelang inggih menika *pengusaha, buruh bangunan, PNS/ABRI, pensiunan, dagang, guru/dosen, sarta tani saha buruh tani*.

Sistem religiwarga Kitha Magelang inggih menika Islam ingkang gunggungipun 101.856 tiyang, Katholik 16.530 tiyang, Kristen 12.702 tiyang,. Hindu 149 tiyang, Budha 605 tiyang, saha sanes-sanesipun inggih menika 25 tiyang. Titilaksananing Upacara Grebeg Gethuk inggih menika aben setunggal tahun sepisan, ingkang katindakaken wonten ing sasi April, amargi jumbuh kaliyan tanggal ingkang kaserat wonten Prasasti Poh saha Prasasti Mantyasih. Ing warsa 2015 menika, Upacara Grebeg Gethuk katindakaken ing dinten Ahad, 12 April 2015.

2. Asal-usul Upacara Grebeg Gethuk

Asal usulipun Upacara Grebeg Gethuk inggih menika saking sejarah madekipun Kitha Magelang ingkang kaserat wonten Prasasti Poh kalihan Prasasti Mantyasih. Kala rumiyin Magelang menika minangka tlatah perdikan Mantyasih nalika jaman Mataram Hindu. Raja Mataram Hindu ngawontenaken sayembara awit pradondi ingkang wonten ing tlatah menika. Sinten tiyang ingkang saged nglerem pradondi menika, mangke badhe dipunikahaken kalihan putrinipun menawi kakung. Menawi estri, badhe punangkat dados putrinipun. Tiyang ingkang saged mungkasi masalah punika inggih menika putra saking tlatah Bagelen, ingkang nama Rake Wutukara Dyah Balitung.

Mila panjenenganipun dipunnikahaken kaliyan putrinipun Raja Dyah Rake Watu Humalang Mahasaba, ingkang namanipun Girikanya saha dados raja ing tlatah menika ingkang samenika

dados tlatah Kitha Magelang. Upacara Grebeg Gethuk dipunwontenaken awit kajengipun masarakat Kitha Magelang ingkang kepengin mujudaken raos sukur, mliginipun para seniman. Raos sukur awit madekipun Kitha Magelang ingkang adhedhasar prasasti Poh kalihan Mantyasih, dipunwujudaken kanthi Upacara Grebeg Gethuk menika.

3. Prosesi Upacara Grebeg Gethuk

a. Cecawis

Saderengipun Upacara Grebeg Gethuk dipunwiwiti, dipunwontenaken cecawis kanthi pandhapuking panawung kridha, cecawis papan, cecawis piranti, saha cecawis sesajen. Piranti ingkang dipunsamektakaken inggih menika busana pangarsa kitha Magelang saha jajaranipun, busana bregada Mantyasih, kreta kencana, penjor, sarta *duplikat* prasasti. Sesaji ingkang dipunginakaken wonten Upacara Grebeg Gethuk inggih menika gunung gethuk saha gunung palawija.

b. Wayangan

Lampahing prosesi Upacara Grebeg Gethuk dipunbikak kanthi wayangan ingkang dipunwontenakendinten Jemuah, 10 April 2015 ing wanci ndalu, kalih dinten saderengipun upacara grebeg. Wayangan menika nyariosaken lampah “Sena Bumbu” ingkang nggambaraken pangarsa kitha Magelang, kanthi dipunwujudaken wayang Sena utawi Werkudara menika.

c. **Sendratari**

Sendratari dipunwontenaken dinten Setu, 11 April 2015 ing wanci ndalu saderengipun upacara grebeg, wonten ing Alun-alun Kitha Magelang. Sendratari menika nyariosaken sujarahipun tlatah Magelang, saking jaman Mataram Hindu dumugi samenika. Inggih menika para seniman saha para siswa SMP, SMA ingkang wonten ing tlatah Magelang.

d. **Lampahing Upacara Grebeg Gethuk**

Lampahing Upacara Grebeg Gethuk inggih menika kirab, upacara pasrah tampi, mangastungkara, upacara kanagaran, pasugatan seni, saha upacara grebeg. Lampahipun kawiwitan kanthi kirab saking tlatah Meteseh tumuju ing alun-alun Kitha Magelang. Saking tlatah Meteseh, amargi tlatah menika minangka papan wontenipun prasasti Mantyasih. Paraga ingkang nyengkuyung kirab inggih menika pangarsa kitha Magelang saha jajaranipun saha bregada Mantyasih ingkang gunggungipun 109 tiyang.

Upacara pasrah tampi dipunwontenaken ing ngajengipun kantor PDAM Kitha Magelang, amargi rumiyinipun minangka papan pusat paprentahan. Upacara menika nyaosaken duplikat prasasti saking panca patih dhumateng pangarsa kitha Magelang. Sasampunipun para paraga kirab dumugi ing alun-alun, dipunwontenaken mangastungkara. Mangastungkara dipunwontenaken ing ngajengipun Masjid Agung Magelang kangge ndongakaken gunung gethuk ingkang badhe dipungrebeg.

Sabibaripun mangastungkara, dipunlajengaken Upacara Kanagaran mawi Basa Jawi. Upacara menika ngginakaken basa saha busana Jawa. Pungkasaning upacara kanagaran, dipunwontenaken pasugatan seni beksan Kuntulan, Gandewa, saha Soreng. Sasampunipun seni beksan rampung, dipunlajengaken adicara inti inggih menika grebeg gethuk.

4. **Makna Simbolik ing Upacara Grebeg Gethuk**

a. *Prosesi*

Prosesi Upacara Grebeg Gethuk dipunbikak kanthi wayangan ingkang nyariosaken lampah Sena Bumbu. Wayangan menika dipunwontenaken nalika dinten Jemuah, 10 April 2015, ndalu saderengipun upacara grebeg. Makna simbolik saking wayangan inggih menika minangka tandha bilih rerangkening Upacara Grebeg Gethuk sampun kawiwitan saha minangka pralambang pangarsa kitha Magelang ingkang dipunwujudaken kanthi wayang Werkudara.

Sendratari dipunwontenaken nalika dinten Setu, 11 April 2015, ndalu saderengipun Upacara Grebeg Gethuk. Sendratari menika nyariosaken sujarahipun tlatah Magelang saking jaman Mataram Hindu, Mataram Islam, jaman Walandi, dumugi samenika. *Sendratari* menika nyimbolaken lampahing paprentahan saking jaman Mataram Hindu dumugi samenika.

Lampahing Upacara Grebeg Gethuk dipunwiwiti kanthi kirab. Kirab menika nggambaraken para prajurit ingkang sami sesarengan mbela nagarinipun. Salajengipun kirab inggih menika upacara pasrah tampi. Upacara menika nyaosaken

duplikat prasasti saking panca patih dhumateng pangarsa kitha Magelang. Upacara pasrah tapi nggambaraken dipunparingaken paprentahan tlatah Magelang dhumateng pangarsa kitha Magelang.

Adicara salajengipun inggih menika mangastungkara utawi nedonga ing ngajengipun gunung. Mangastungkara minangka pralambang pangajabipun warga Magelang supados adicara saged lumampah kanthi lancar saha berkah, sarta supados kitha Magelang saged langkung sae. Sasampunipun mangastungkara, dipunwontenaken upacara kanagaran mawi basa Jawi. Upacara ingkang ngginakaken basa saha busana Jawa menika nggambaraken upacara nalika jaman kala rumiyin.

Sabibaripun upacara kanagaran, dipunwontenaken pasugatan seni beksan. Beksanipun inggih menika Kuntulan, Gandewa, saha Soreng ingkang nggambaraken prajurit Kitha Magelang ingkang sami gladhen perang. Sasampunipun pasugatan seni, dipunwontenaken adicara inti inggih menika upacara grebeg. Grebeg Gethuk menika minangka wujud raos sukuripun warga awit Magelang sampun madek sawatawis dangu, ugi minangka pralambang bilih manungsa gesang ing alam donya menika, kedah tansah emut dhumateng Gusti Inkgang Murbeng Dumadi.

b. Gunungan

Gunungan ing upacara grebeg gethuk menika minangka wujud raos sukur dhumateng Gusti Kang Maha Welas Asih awit sedaya paringanipun. Wujud gunung ingkang lancip wonten nginggilipun

ugi minangka pralambang bilih manungsa gesang ing alam donya menika, kedah tansah emut dhumateng Gusti Kang Murbeng Dumadi. Gunungan ingkang wonten ing upacara Grebeg Gethuk inggih menika gunung gethuk saha gunung palawija. Makna simbolik saking gunung gethuk inggih menika minangka lambang prasaja, asal-usulipun pagesangan manungsa, subur, saha imbang. Dene makna simbolikipun gunung palawija inggih menika minangka wujud raos sukur saha wujud gegayuhanipun masarakat supados asil tetanenipun saged subur saha panen kanthi sae.

c. Busana

Busana ingkang dipunagem dening para paraga upacara inggih menika busana adat Jawi. Busana kangge pangarsa Kitha Magelang saha jajaraniipun ngagem busana Jawa gagrak Magelangan. Busana gagrak menika nggambaraken rasukanipun Bupati Magelang kala rumiyin, Tumenggung Danuningrat. Busana kangge bregada inggih menika rompi ingkang werninipun jene, nyimbolaken rasukanipun prajurit nalika jaman Mataram Hindu. Wondene busana kangge paraga sanesipun ngagem busana Jawa gagrak pundi kemawon. Jumbuh kalihan ancas saking upacara grebeg gethuk menika ingkang kangge nguri-uri kabudayan Jawi, mila busana Jawi minangka pralambang kangge nyengkuyung ancas menika.

d. Paraga

Paraga upacara grebeg gethuk inggih menika wonten pangarsa

Kitha Magelang (walikota) saha jajaranipun (forpimda), panca patih, bregada mantyasih saha bregada saking saben-saben kelurahan. Pangarsa Kitha Magelang (walikota) wonten Upacara Grebeg Gethuk menika, minangka pralambang raja. Dene jajaranipun (forpimda) minangka menteri. Panca patih menika cacahipun 5, minangka pralambang kancanipun Raja Dyah Balitung nalika ngrampungaken pradondi ing tlatah Mantyasih. Menawi bregada Mantyasih menika cacahipun 109 minangka pralambang madekipun Kitha Magelang ingkang kaping 1109 ing warsa 2015.

E. DUDUTAN

Panaliten Upacara Grebeg Gethuk menika kalampahan wonten ing Kitha Magelang ingkang gadhah ancas supados saged ngandharaken asal-usul, *prosesi*, ubarampe, saha makna *simbolik* upacara Grebeg Gethuk ing Kitha Magelang. Supados saged ngandharaken ancasing panaliten, panaliti migunakaken *metode* panaliten *kualitatif* supados panaliti langkung *natural* anggenipun nglampahi panaliten saengga data ingkang kapundhut menika *valid*. Panaliti nindakaken *pengamatan berperan serta* saha wawanpirembagansatemahin *informan* saged paring seserepan kanthi lancar, saha kanthi *dokumentasi*. *Keabsahan data* kalampahan kanthi migunakaken *triangulasi*, saengga data-data ingkang dipunandharaken wonten ing salebeting pirembagan awujud data ingkang sampun *valid* saking *pengamatan berperan serta*,

wawanpirembagan kalihan *informan*, *sahadokumentasi*.

Asal-usul upacara tradhisi Grebeg Gethuk menika amargi saking prasasti Poh saha prasasti Mantyasih ingkang ngandharaken carios bab tlatah Magelang kala rumiyin. Prasasti menika nyebataken nama Raja Wutukara Dyah Balitung jaman Mataram Hindusaha nyebataken angka 829 *Caka sasi Caitra tanggal 11 Paro Gelap Paringkean Tungle, Pasaran Umanis ari Senais Scara* utawi wonten basa Jawa kawaos Setu Legi, 11 April 907. Tanggal menika dados katetepan madekipun Kitha Magelang. Mila saking menika, masarakat Kitha Magelang, mliginipun para seniman ngawontenaken Upacara Grebeg Gethuk minangka wujud raos sukur.

Upacara menika kalampahan wonten sasi April. Upacara Grebeg Gethuk warsa 2015 menika dipunwontenaken ing dinten Ahad Legi, 12 April 2015. Underaning perkawis wonten panaliten inggih menika bab *prosesi* saha makna *simbolik*.

a. *Prosesi*

Prosesi utawi lampahing Upacara Grebeg Gethuk inggih menika kawiwitan kanthi cecawis kanthi pandhapuking panawung kridha, cecawis papan, cecawis piranti, cecawis sajen, wayangan, sendratari, kirab, upacara pasrah tampi prasasti, dongakaken gunungan, upacara mawi basa Jawa, pasugatan seni, saha grebeg. Cecawis kanthi pandhapuking panawung kridha papanipun wonten kantor *Disporabudpar* Kitha Magelang. Dene papan upacara Grebeg Gethuk

wonten ing alun-alun Kitha Magelang.

Piranti ingkang dipunsamektakaken inggih menika busana kangge pangarsa Kitha Magelang saha jajaranipun, busana prajurit utawa bregada Mantyasih, kreta kencana, penjor, saha *duplikat* prasasti. Sesaji ingkang kaginakaken wonten ing upacara tradhisi Grebeg Gethuk inggih menikagunungan gethuk kakung, gunung gethuk putri, saha gunung palawija.

b. Makna Simbolik

Makna simbolik Upacara Grebeg Gethuk menika wonten ing *prosesi*, paraga, busana, saha sesajenipun. Makna simbolik *prosesi*, paraga saha busana ing Upacara Grebeg Gethuk nggambaraken lampahing sujarahipun tlatah Magelang nalika jaman Mataram Hindu dumugi samenika. Dene sesajen ingkang kaginakaken wonten ing adicara menika kados dene gunung gethuk saha gunung palawija inggih menika minangka wujud raos sukur warga Magelang awit sampun saged madek ngantos ewonan warsa. Upacara tradhisi menika taksih kalampahan amargi saking upacara menika gadhah paedah, ancas lan pangajeng-ajeng ingkang dipunsymbolaken saking makna sesajen ingkang sampun dipunsamektakaken.

Implikasi panaliten menika awujud paedah-paedah tumrap masarakat saha upiya kangge nglestantunaken budaya. Tradhisi ingkang taksih dipunlestantunaken ngantos dumugi samenika kedah dipunjagi. Kapitadosan saking masarakat bilih upacara tradhisi Grebeg Gethuk menika saged kangge

sarana ngalab berkah. Saking sesajen ingkang dipunsamektakaken ugi kaajab supados saged pikantuk fasilah utawi pitedah saking Gusti.

Mila implikasi saking panaliten kanthi cara praktis inggih menika kangge nglestantunaken Upacara Grebeg Gethuk ing Kitha Magelang. Dene implikasi kanthi teoretis inggih menika kangge referensi panaliten ingkang jumbuh kalihan upacara Grebeg Gethuk ing Kitha Magelang menika.

Upacara tradhisi grebeg gethuk menika saged ndadosaken sektor ekonomi ing Kitha Magelang langkung inggil. Mawi adicara menika, gethuk dipuntepangaken minangka dhaharan khas Magelang. Mila masarakat ingkang rawuh saking njawi saged tumbas gethuk mingangka angsal-angsal. Magelang ugi gadhah potensi pariwisata ingkang saged narik kawigatosan amargi adicara menika, para masarakat ingkang sami dugi saged wisata ing papan pariwisata wonten Kitha Magelang. Awit saking menika, prelu dipundamel buku amagi saged dipundadosaken referensi tumrap panaliten ingkang jumbuh saha kangge pangertosan masarakat. Kajawi menika, ugi saged dipunginakaken kangge promosi pariwisata ing Kitha Magelang.

KAPUSTAKAN

- Aryono, Suryo. 1985. *Kamus Antropologi*. Jakarta: Persindo
- Budiono, dkk. 1988. *Dokumen Hari Jadi Kota Magelang 11 April 907 M*. Magelang: Departemen dalam Negeri Kota Magelang.

- Danandjaja, James. 1994. *Folklore Indonesia*. Jakarta: PT. Grafitipers.
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Mistik Kejawen: Sinkretisme, Simbolisme, dan Sufisme dalam Budaya Spiritual Jawa*. Yogyakarta: Narasi
- _____. 2009. *Metodologi Penelitian Folklor*. Yogyakarta: Media Pressindo.
- _____. 2010. *Foklor Jawa; Macam, Bentuk, dan Nilainya*. Jakarta: Penaku.
- _____. 2012. *Metodologi Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Herusatoto, Budiono. 2008. *Simbolisme Jawa*. Yogyakarta: Ombak
- Koentjaraningrat. 1984. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka.
- _____. 1985. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: PT. Rineka Cipta.
- Moleong, Lexy J. 2007. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.